ku wax: laahi ilaaha illallaahu, amul kenn ku ñu war a jaamu cig dëgg ku dul Yàlla, daal di weddi lépp lu ñuy jaamu te du Yàlla alalam ak dereetam araam na, Yàlla rekk nag mooy càmbar ay jëfam

Jële na ñu ci Taarix Ibn Asyam Al-Asjahii -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: dégg naa yónenteb Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: «ku wax: laahi ilaaha illallaahu, amul kenn ku ñu war a jaamu cig dëgg ku dul Yàlla, daal di weddi lépp lu ñuy jaamu te du Yàlla alalam ak dereetam araam na, Yàlla rekk nag mooy càmbar ay jëfam».

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day xibaare ne ku wax te seede ci làmmiñam ne «laa ilaaha illal laahu», maanaam amul kenn ku ñu war a jaamu ci dëgg ku dul Yàlla, daal di weddi lépp lu ñuy jaamu te du Yàlla, set wicc ci jépp diine ju dul Lislaam, kon alalam ak dereetam araam na ci jullit te duñu ko àtte lu dul li feeñ ci jëfam, kon deesul jël alalam deesul tuur it dereetam, lu dul bu defee ñaawtéef, walla tooñànge gu koy waral ci àtteb Lislaam. Yàlla mooy méngoo càmbarug jëfam ëllëg bis-pénc, bu dee ku dëggal la mu fay ko aw yiw, bu dee naaféq la mu mbugal ko.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/6765